*Қарақалпақстан Республикасы*

*Мәлимлеме – китапхана орайы*



# «Қазақ поэзиясының жарқын жулдызы»

**Абай Қунанбаев 173 - жаста**

**(методикалық қолланба)**

**Нокис-2018ж.**

## Өзбекстан Республикасы Президентиниң
## Қарары

**Уллы қазақ шайыры ҳәм ойшылы Абай Қунанбаевтың дөретиўшилик мийрасын кеңнен үйрениў ҳәм үгит-нәсиятлаў ҳаққында:**

Уллы ағартыўшы шайыр ҳәм ойшыл жақсылық ҳәм дослық жыршысы Абай Қунанбаевтың мақтанышлы исми ҳәм бай дөретиўшилик мийрасы тек ғана қазақ халқының емес, ал, соның менен бирге, пүткил түркий халықлардың, соның ишинде, өзбек халқының да жүрегинде мәңги жасап келмекте.

Өзбекстан ҳәм Қазақстан мәмлекетлери арасындағы дослық ҳәм бирге ислесиў қатнасықлары жаңа басқышқа көтерилип атырған бүгинги күнде Абай Қунанбаев сыяқлы уллы ойшыллардың өшпес мийрасы халықларымыз ушын буннан былай да үлкен мәниске ҳәм әҳмийетке ийе.

Абай Қунанбаевтың улыўма инсаныйлық қәдриятлар ҳәм мийрим-шәпәәт сезимлери жоқары перделерде жырланған жетик көркем шығармалары, ибратлы өмири ҳәм мийнет жолы менен халықларымыз мәдениятының раўажланыўына қосқан үлкен үлесин есапқа алып және өз-ара мәдений-гуманитарлық байланысларды буннан да раўажландырыў, ел-журтымыздың қазақ әдебиятының уллы ғайраткерлериниң дөретиўшилиги менен кеңнен таныстырыў мақсетинде:

1. Өзбекстан Республикасы Мәденият министирлиги, Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министирлиги, Сыртқы ислер министирлиги, Өзбекстан Баспасөз ҳәм хабар агентлиги, Өзбекстан Жазыўшылар аўқамы, Өзбекстан Илимлер академиясы, Республикалық Руўҳый-ағартыўшылық орайы, Министрлер Кабинети жанындағы Миллетлераралық қатнасықлар ҳәм шет еллер менен дослық байланыслары комитети ҳәм жәмийетшилик ўәкиллериниң халқымыздың туўысқан Қазақстан халқына, оның бийтәкирар әдебияты менен мәдениятына, айдын келешегине болған ҳүрмети исениминиң айқын көриниси сыпатында елимизде уллы қазақ шайыры ҳәм ойшылы Абай Қунанбаевтың дөретиўшилик мийрасын кең түрде үйрениў ҳәм үгит-нәсиятлаў ҳаққындағы усыныслары мақулллансын.
2. Уллы қазақ шайыры ҳәм ойшылы Абай Қунанбаевтың дөретиўшилик мийрасын кең түрде үйрениў ҳәм үгит-нәсиятлаўды шөлкемлестириў бойынша шөлкемлестириў комитети (кейинги орынларда Шөлкемлестириў комитети деп аталады) қурамы қосымшаға муўапық тастыйықлансын.
3. Шөлкемлестириў комитети бир ай мүддетте Абай Қунанбаевтың дөретиўшилик мийрасын кең түрде үйрениў ҳәм үгит-нәсиятлаў бойынша илажлар режесин ислеп шықсын:

Бул илажлар режесинде:

-Абай Қунанбаевтың сайланды шығармаларын ҳәм «Өзбек ҳәм қазақ әдебий байланыслары» атамасында әдебий-талқылаў мақалалар топламын баспаға таярлаў ҳәм басып шығарыў;

-Низамий атындағы Ташкент мәмлекетлик педагогика университетинде «Абай ҳәм өзбек әдебияты» атамасында турақлы экспозицияны шөлкемлестириў;

-ҳәр жылы шайыр туўылған 10-август сәнесинде Ташкент қаласында орнатылған Абай Қунанбаевтың естелигине гүл қойыў мәресимин ҳәм мушайра өткериў;

-оқыўшы ҳәм студент-жаслар арасында «Абай шығармаларының билимданы» жазба жумыслар таңлаўын өткериў;

-ғалаба хабар қуралларында Абай Қунанбаевтың өмири ҳаққында дүрким көрсетиўлер менен еситтириўлер, мақалалар берип барыў;

-Абай Қунанбаевтың өмири ҳәм дөретиўшилик жолы ҳаққында жаратылған көркем ҳәм хүжжетли фильмлерди Өзбекстан Миллий телерадиокомпаниясы телеканаллары арқалы көрсетиў;

-Елимиздеги жоқары ҳәм орта арнаўлы, кәсип-өнер, улыўма орта билимлендириў мәкемелери, әскерий бөлимлер, мийнет жәмәәтлери ҳәм мәҳәллелерде белгили шайыр ҳәм жазыўшылардың, илимпазлардың қатнасыўында ушырасыўлар, әдебий кешелер шөлкемлестириў илажлары нәзерде тутылсын.

4. Өзбекстан Миллий мәлимлеме агентлиги, Өзбекстан Миллий телерадиокомпаниясы, «Жаҳон» мәлимлеме агентлиги ҳәм басқа да ғалаба хабар қуралларына қарардың орынланыўына байланыслы илажларды кеңнен сәўлелендириў усыныс етилсин.

5. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Өзбекстан Республикасының Бас министри А. Ариповқа ҳәм Өзбекстан Республикасы Президентиниң Мәмлекетлик кеңесгөйи Х. Султановқа жүкленсин.

**Өзбекстан Республикасы**
**Президенти** **Ш. М. Мирзиёев**

**Ташкент қаласы,**
**2018-жыл 13-март.**

# Кирисиў

Ҳәр қандай халық өзиниң данышпан шайыр, жазыўшы, композитор, сүўретши хәм басқа да талантлы ўәкиллери менен хақылы рәўиште мақтана алады. «Елдиң атын ер шығарады» - дегендей, бурыннан соңғы ең талантлы адамлар халықтың мақтаныш байрағына айланып, пүткил әмелге жар салады. Олар өз даналығы арқалы өз халқы менен басқа да халықларды байланыстырыўшы дослық көпирине айланған. Қазақ халқының уллы шайыры, қазақ поэзиясы аспанында сөнбес жулдыз хәм данышпан ойшылы Абай Қунанбаев мине усындай әжайып ойшыллардын бири. Быйыл шайырымыз Абай Қунанбаев 173-жасқа толады.

Усы мүнәсибет пенен Республикамызда көплеген массалық илажлар шөлкемлестирилмекте. Мәлимлеме-китапхана орайында да көплеген илажлар жобаластырылып илимий методикалық бөлими тәрепинен **«Қазақ поэзиясының жарқын жулдызы»** атамасында методикалық қолланба ислеп шығылмакта. Қолланбаның биринши бөлимине **«Академик-жазыўшы, көркем сөз устасы»** деп аталып, бул бөлимде шайырдың өмири хәм дөретиўшилик хызмети хаққында сөз жүритиледи. Екинши бөлимге **«Қазақ та қара сөзге дәс бермеген»** деп аталып китап оқыўшылар менен еслеў кешесин шөлкемлестириўди мақул көрдик. Үшинши бөлимде мәлимлеме-китапхана мәкемелеринде шөлкемлестирилетуғын **«Абай-Түркий халықлар поэзиясының мақтанышы»** атамасында китап көргизбесиниң методикалық жол-жобасы хәм соңында пайдаланған әдебиятлар дизими бериледи.

## «Академик-жазыўшы, көркем сөз устасы»
## Абай Қунанбаевтың өмири хәм дөретиўшилик хызмети

Қазақтың поэзиясы аспанында сөнбес жулдыз болып қалған қазақтың уллы ойшыл шайыры Абай Қунанбай улы 1845-жылы 10-августа ҳәзирги Семипалатинск ўәлаятының Абай районының Шығыс тайында туўылған. Ҳақыйқый аты Ибраҳым болған. Ата-бабалары бурыннан шынжырма-шынжыр киятырған қазақ феодаллары болып өз атасы Қунанбай сол үлкениң белгили болысларының бири болған. Абай 10-жасқа шыққанда әкеси Қунанбай оны Семей қаласына алып келип оқыўға берген. Ол дәслеп аз ғана күн Ғабдулла Жапар деген татар молласынан сабақ алған, кейин ала Ахмет Риза молланың қолында тәлим алады. Абай Ахмет Риза медресесинде үш жыл оқыған. Усы дәўирде ол Шығыс халықларының көрнекли шайырларының шығармаларын қунт пенен үйренеди. Ол усы дәўирден баслап шығармалар дөретеди. Айтыўларға қарағанда Абай 10жасынан баслап қосық жазып баслаған. Оның дәслепки қосықлары өзиниң сүйген қызы Тоғжанға арналып:

Сап-сап, көнлим, сап көнлим,
Саяламай, сай таппай,
Не күн туўды басына,
Күни-түни жай таппай. деп жазған.

Жаслық дәўирде дөреткен шығармалары ҳәзирги дәўирге жетип келмеген. Олардың биразы умытылған. Оның поэзиясы әсиресе жигитлик дәўири өткеннен

кейин басланады. Абайдың 14 жасында жазған қосығы шығыс шайырларынан мәдет тилеў менен шығарылған:

Физули, Шәмси, Сәйхали,
Наўайы, Сагди, Фирдауси,
Хожа Хафиз – бу ҳаммаси,
Мәдет бер яшагири фәрияд.

Шайырдың ҳәзирги дәуирде халық арасына кең тарқалған «Жасымда илим бар деп ескермедим» деп басланатуғын «Өлең сөздиң сәреси, сөз сарасы» деп аталатуғын, сондай-ақ нәсиятгөйликтен ибарат болған «Қулақтан кирип бойды алар» тағы басқа да шығармалары емес, ал өзиниң дөретиўшилик уқыбының дәслепки дәўиринде жазған «Ким екен деп келип едим түйе қуўған», «Шығыс шайырларынан еликлеп» сондай-ақ Физули, Шәмси, Сайқалий шығармаларына арнап жазған қосықларында да жәмийетлик турмыстағы ўақыяларды жаңаша түсиниў малынан айрылғанларға қайырқомлық, адамды адам сыпатында тән алыў сезимлериниң күшли берилгенлигин көремиз. Абай белгили аға Султанның баласы сыпатында сол дәўирдеги қазақ өмири менен жақыннан таныс еди. Халықтың аўыр турмысы, әкесиниң қаталлығы бәри де жас Абайға үлкен тәсир жасады. Оның ески мектепте оқыў менен бир қатарда Оренбургта тәлим алыўы шығыс мәденияты менен Европа мәдениятының толық ийелеўине алып келди. Омар Ҳайям, Ҳафыз, Саадий, Алишер Наўайы, Муҳаммед Физулилер менен бир қатарда А.С. Пушкин ҳәм М.Л. Лермонтовларды өзине устаз сыпатында таныды. Абай лирикасында Наўайы ҳәм Ҳафызға еликлеўлер менен бир қатарда А.С. Пушкин ҳәм М.Л. Лермонтов шығармаларының қазақ тилине аўдарылыўы баслы орынды ийелейди.

Лекин Абай буның менен шекленип қалған жоқ. Шығыс ҳәм батыс шайырларының шығармаларын тәжрийбе мектеби сыпатында үйренип өз халқының поэзиясының негизин дүзди. Бурыннан соңғы қазақ поэзиясында ҳеш кимниң де уўысына ене қоймаған жаңаша жол тапты. Буның ең баслы себеби Абайдың тасқын талантқа ҳәм билимге ийе болғанында еди. Оның дәслепки қосықлары «Илим таппай мақтанба», «Интернатта оқып жүр», «Қалын елим қазағым» қосықлары пүткил қазақ елиниң жаңаша ҳаўазы еди. Соның ушын да оның ең баслы темасы XIX әсирдеги пүткил қазақ елиниң сиясий-экономикалық жағдайларына бағышланды. Данышпан шайыр өз халқы ҳаққында:

Сабырсыз, арсыз ериншек,
Көрсе қызар, жалмаўыз,
Сорлы қазақ сол ушын,
Бирин-бири күнлейди
Жақынын жалған минейди

деп жазып, сол дәўирдеги халық арасындағы айырым келиспеўшиликлерге сын нәзери менен қараған. Абай сол дәўирдеги айырым адамлардың қасқыр минезлерин сынға алыў менен бирликте ел арасындағы айырым ериншеклерге де дыққат аўдарады. Байлық дегениниң өзи де негизинен мийнет тийкарында пайда болады. Солай болса да «еңбек еткен емеди» дегендей қурғын турмыстын тийкары мийнет екенлигин ескертеди.

Хызмет етип мал таппай,
Илим оқып ой таппай,

Қуры үйде жатады,
Ел қыдырып, ас ишип,
Еркек атын сатады.

деп айта келип, адам баласы ушын зәрур болған бес түрли белги жақсы ҳәм жаман кәсийетлердиң бар екенлигин ашып көрсетеди. Сол ушын да уллы ойшыл Абай:

Бес нәрседен қашық бол,
Бес нәрседен ашық бол,
Өсек, өтирик, мақтаншақ,
Ериншек, бийкар мал шашпақ,
Бес душпанның белгиси,
Талап, мийнет, терең ой,
Қанаат, рәҳим – билип қой,
Данышпанлық белгиси

деп турып баянлайды.

Абай поэзиясының ең баслы темасы адамгершилик, ҳақыйқый инсанлар арасындағы пәк қарым-қатнас-деп атауға болады. Оның ҳәр бир қосығында кең пейилли қазақ халқының кең далалары шеберлик пенен сүўретленеди. Абай өз халқының ишки ҳәм сыртқы тулғасын терең ҳәм тәсирли сүўретлеп бере алған үлкен талант ийесине айланады. Абай поэзиясын XIX әсир бәлки оннан алдыңғы дәўирдеги қазақ өмириниң энциклопедиясы – деп атаса болады.

Дәўириңди ойласам жүз жылғы өткен,
Тон сыртынан кийгениң шийдем шекпен,
Жалаң дамбал сыртынан жарған шалбар,
Балақларың ҳәр түрли әдиплеткен

деп қазақ халқының этнографиясына да үлкен мәни берген.

Абай үлкен талант ийеси болыўы менен бир қатарда өз қосықларында қазақ халқының өмирин тутас жырлайды. Ол өмирдиң мазмунын – билим деп биледи. Билимлик – бул мәдений раўажланыўдың тийкары – деп түсинеди.

Жасымда илим бар деп ескермедим,
Пайдасын көре тура тексермедим,
Ержеткен соң түследи уўысыма,
Қолымды мезгилинен кеш сермедим.

Қазақ халқының уллы шайыры, данышпан ойшылы Абай Қунанбаев Қарақалпақ халқы ушын да ең қәдирдан ҳәм әдиўли устаз екенлиги ҳәммеге белгили.

Қазақ ҳәм қарақалпақ халықларының дослығының терең тамырлары жүдә узақ әсирлерди өз ишине алады. Түри, тили, үрп-әдети бир-бирине уқсас болған бул еки халық ерте заманлардан баслап аралас жасаған. Сол ушын болса керек, ҳәтте бизиң XIV-XVI әсирдеги әдебиятымыз, мәдениятымыздың өзи қазақ, ноғай халықлары менен араласып кеткен. Усындай себеплерге көре XIV-әсирде жасаған Соппаслы Сыпыра жыраў, XV-әсирде жасаған Жийренше шешен, Асан Қайғы, XVI-әсирде жасаған Доспанбет қарақалпақ ҳәм қазақ халықларынын да шайырлары болып есапланады. Ал буннан кейинги мийрасларымызды үйрениўде де бир-

биреўди жатсынып жүргенимиз жоқ. Қарақалпақ шайырларының ҳәммеси Алишер Наўайы, Физули, Мақтумқулы менен бир қатарда Абайды да өзиниң ҳүрметли устазы сыпатында танийды. Абайдың қарақалпақ әдебиятына устазлығының айырым утымлы тәреплери бар. Абай Шығыс ояныў дәўириниң ең соңғы серпелислериниң бири. Ол да Бердақ ҳәм Әжиниязлар киби қазақ әдебиятында миллий ағартыўшылық жолын баслаған, саҳра халықлары арасында аўыз еки әдебияты менен жазба әдебият дәстүрин тең алып барған уллы данышпанлардың бири еди. Сол ушын да халықтың шегаралас ҳәм бир-бирин түсинип жасасыўы қарақалпақлар арасында Абай шығармаларының аўызша ҳәм жазба тарқалыўына себепши болған еди.

XIX-әсирдеги Ҳийўа ханлығы саҳра халықлары арасында мәдений ағартыўшылықта раўажландырыў бағдарында жақсы жумыслар алып барды. Тарийхый дереклерге қарағанда Ҳийўа ханлығы Қазақстанда илимий ағартыўшылықты раўажландырыў ушын қысқа мүддетке Ҳийўа медреселеринен 60-70 адам муғдарында моллалар жиберип турған. Олардың арасында қарақалпақ шайыры Әжинияздың болғанлығы да мәлим. Бул миллий ағартыўшылар арқалы Абай шығармалары Хорезм ойпатына кеңнен тарқалды.

Сол ушын да бул дәўирдеги қарақалпақ ҳәм қазақ әдебиятының қарым-қатнаслары мәдениятымыз тарийхында оғада әҳмийетли орынды ийелейди. Бул дәўир Абай поэзиясының қарақалпақларға оғада кеңирек тарқалған дәўири болып, еки халық арасында динлық көпири болганлығын аңлаў қыйын емес. Абай шығармалары соңғы дәўирлерде басқа да туўысқан халықлардың классиклери сыяқлы қарақалпақ әдебияты сабақлықлардан да белгили дәрежеде орын алды. Көрнекли шайырдың шығармалары қарақалпақ тилине де бир неше мәртебе аўдарылды. Сол ушын да қарақалпақ халық шайыры Ибрайым Юсупов:

Көш артында асық ойнап жасымда,
Тарийхтан сәл кешеўиллеп қалыппан,
Билим бар – деп ескермеппен басында,
Өлең сөзге бирақ өзим қанықпан,
Мен Абайды ядға билген халықпан

деп бийкарға айтпаған.

Абай қосықларынын мазмуны терең, тематикасы оғада бай, көркемлиги жүдә жоқары. Оларда шайырдың жүрегинен шыққан жалыны, қудай берген даналық ойлары, көркем сөзге аса шеберликтиң үлгилери, адамға деген шексиз сақыйлық көринип турады. Абайдың шығармаларында бастан аяқ адам баласы улығланады.

Кеше бала ең, келдиң ғой талай жасқа,
Көз жетти бир қалыпта тура алмасқа,
Адамды сүй, алланың хикметин сез,
Не қызық бар өмирде оннан басқа?

Адам ушын керек нәрсениң ең уллысы дослық сезим. Дослық әпиўайы адамнан урыў, қәўим, ел, халықлар арасындағы ең жақсы қатнаслардың белгиси. Қазақстандағы болып өткен Өзбекстан күнлеринде президентимиз Ислам Каримовтың сөзиндеги Абайдың өзбеклер ҳаққындағы жыллы сөзлерин келтирип,

еки халық ушын дослық арқаўы ретинде пайдаланғанына ҳәммемизди қайыл қалдырады.

Қудай берген бул дослық – кәнниң бири,
Муңласқанда қалмайды көнил кири,
Қолдан дослық жасап-ем болар-болмас,
Ийт мурындай наданның жыртты бири,
Сол досты сая таппай излейди жан,
Жоқлайды гүниренип қозғалып қан.
Жаў жабылса, бузылмас жан көрмедим.
Артық жолдас таппадым татыўлықтан.

Абай шығармалары менен таныс, оның шығармаларын оқыған адамда терең қанатланыўшылықтан басқа ийнедей наразылық болыўы мүмкин емес. Ол сениң ушын дана кеңесгөй, сениң ең кәдирдан заманласындай тири адам болып сезиледи. Абай қосықларын халыққа пайда келтирсин деп жазған, адамның адамгершилик қәсийетлерин жетилистириў ушын, ондағы нуқсанларды жоқ қылыў ушын , жасларға үлги бермек ушын да жазылған:

Мен жазбайман өленди ермек ушын,
Жоқ, барды ертегини термек ушын,
Көкиреги сезимли, тили орамлы,
Жаздым үлги жасларға бермек ушын,
Бул сөзди пәмсиз уқсап, талаплы уғар,
Көңлиниң көзи ашық, сергек ушын.

Абайдың дөретиўшилик мийнети, қазақ халқын дүньяға танытыўдағы теңи-тайы жоқ хызмети ҳәм бул туўралы Мухтар Әўезовтың шығармалары ҳаққында сөз ететуғын болсақ, ким кимди дүньяға танытты, ким кимди уллы дәрежеге көтерди?! Буның барлығы оқыўшылардың көз алдында үлкен ҳәм уллы адамлардың әўладларға үлги болатуғын мектеп тәжрийбесине усайды.

Бизиң Қарақалпақстанымызда да Абай өз ана тилимизде оқыўшыларымыздың күнделикли оқыў қуралына енген, оның шығармаларын журтшылығымыз қазақ тилин аўдармасыз терең түсиниўине қарамастан қарақалпақша толық оқый алады. Мине, буның өзи уллы Абайға деген үлкен ҳүрмет.

Соның ушын да Қарақалпақстанда Абай атындағы мийнет жәмәәтлери, колхозлар, мектеплер, көшелер ҳәм басқа да уллы ат ҳүрметине байланыслы естеликлер есап-сансыз.Уллы данышпан Абай юбилейи өткерилип атырған даңқлы сәне алдында усыларды ядқа алыўдың өзи Абай тойы бизиң елимизде де өз Ўатанындағыдан кем емес дәрежеде байрамланып атырғанын көрсетеди. Абай қалдырған мийрас – бул таўсылмастай алтын ғазийне, ҳәтте оларды көркем сөз ҳәм пикирлеў дүньясындағы жанлы, шыпалы булаққа теңгериў орынлы.

Абайды қазақ әдебиятының мәңгилик қуяшы десе де болады. Себеби, оның қуяш нурындай төселген шуўақлы шығармалары пүткил дүньяға кеңнен таралып кеткен. Бул нурлар миллионларды руўҳый жақтан нәрлендирмекте. Мине, бүгинги күни бизиң үлкемиз халқы Абайдың 173-жыллық торқалы мерекесин кеңнен нышанланып атыр. Илайым, Абай поэзиясынан таралған нурлар буннан былай да дүнья бойлап сапар ете берсин деймиз.

## « Қазақ та қара сөзге дәс бермеген »
## Абай Кунанбай улының еслеў кешесиниң методикалық жол-жобасы

Мәлимлеме-китапхана мәкемелеринде Абай Кунанбай улының 173-жыллығына бағышлап **« Қазақ та қара сөзге дәс бермеген »** атамасында еслеў кешесин шөлкемлестириўге болады. Бунда мәлимлеме-китапхана мәкемелериниң оқыў залын өткизилетуғын кешеге жақсылап безеп, яғный шайырдың сүўретлери, ол дөреткен қосықлар, поэмалар, шығармалары қол жазбалары қойылады. Кешеге шайыр-жазыўшылар, қарақалпақ тили хәм әдебияты муғаллимлери, журналистлер, студентлер улыўма Абайдын өмири хәм дөретиўшилигине қызыққан китап оқыўшылар қатнасса болады.

## « Абай-Түркий халықлар поэзиясының мақтанышы »
атамасында китап көргизбесиниң методикалық жол-жобасы

Быйыл хәммемизге белгили шайыр ҳәм ойшыл, қазақтың уллы перзенти Абай Кунанбай улы 173-жасқа толып атыр. Бул сәнеге бағышлап мәлимлеме-китапхана мәкемелеринде оның шығармалары тийкарында китап көргизбесин шөлкемлестириўди усыныс етемиз.

Көргизбениң бас темасын « **Абай-Түркий халықлар поэзиясының мақтанышы**»деп атағанды мақул көрдик. Китап оқыўшылардың пайдаланыўына қолайлы болыўы ушын көргизбемизди бөлимлерге бөлип көрсетемиз.

1. бөлим: **"Өзбек ҳәм қазақ әдебиятының шайыры"** делинип, бул бөлимге Абай Қунанбаев шайырымыздың бизлерге қалдырған умытылмас өлмес мийрасларынан қойылса болады.
2. бөлим: **"Умытылмас мийраслары Абайдың"** делинип бул бөлимге Абай Қунанбай улының шығармалары ҳаққында жазыўшы шайырларымыздың Абай ҳаққында жазған материалларынан қойылса болады.


### Абай шығармалары

Абай. Шығармаларының бір томдық толық жинағы. Алматы. Қ.М. Көркем әдебиеті, 1961.-240 б.

Абай. Өлеңдер. Алматы "Жазушы" , 1976- 240 б.

Абай және қарақалпақ әдебиеті . Алматы, Раўан, 1995-80 б.

Абай. Сайланды қосықлары, поэмалары, қара сөзлери. Нөкис, Қарақалпақстан, 1985-196 б.

### Абай ҳаққында

Уллы қазақ шайыры ҳәм ойшылы Абай Қунанбаевтың дөретиўшилик мийрасын кеңнен үйрениў ҳәм үгит-нәсиятлаў ҳаққында: Өзбекстан Республикасы Президентиниң Қарары. // Қарақалпақ әдебияты-2018 жыл-март №3

Айтмуратов Б. Туўысқан халықтың уллы дөретиўшисине жоқары ҳүрмет. //Еркин Қарақалпақстан – 2018жыл -7 апрель №44

Әбил улы Меңлибай. Шайырдың диний-ағартыўшылық көз-қараслары ҳаққында. А. Қунанбаев 150-жаста. // Еркин Қарақалпақстан – 1995-15-июнь. №111-112.

Бекетов Б. Қазақ та қара сөзге дәс бермеген. А. Қунанбаев 150-жаста. // Еркин Қарақалпақстан-1995-15-июнь. № 111-112.

Ерниязов К. Абай әмиў бойларында. Абайдың туўылғанына 150-жыл толыўы алдынан. // Еркин Қарақалпақстан-1995-16-февраль. №26.

Ерниязов К. Юбилей концерти байрам салтанатларына айланды. Абайдың туўылғанына 150-жыл толыўына бағышланған. // Еркин Қарақалпақстан-1995-5-август. №123-124.

Есенов Ж. Академик – жазыўшы Абай ҳаққында. Абайдың туўылған күнине 150-жыл толыў алдынан. // Еркин Қарақалпақстан-1995-1-апрель. №51-52.

Есенов Ж. Шайырдың әдебий сын көз-қараслары. Абайдың туўылғанына 150-жыл. // Еркин Қарақалпақстан-1995-18-май.

Есказиев Н. Абай ҳәм Бердақ. // Еркин Қарақалпақстан-1995-29-апр. №67-68.

Жумажанов К. Мен Абайды ядқа билген халықпан. // Еркин Қарақалпақстан - 1995-29-апрель. №67-68.

Қазақ халқының данышпан шайыры. Абай Қунанбаевтың туўылғанына 150-жыл толыўы алдынан. // Еркин Қарақалпақстан-1995-29-апрель. № 67-68.

Мақсетов К. Абай-Түркий халықлар поэзиясының мақтанышы. // Еркин Қарақалпақстан-1995-22-июнь. № 115-116.

Мәжитова С. Абаймен бастап, Абаймен аяқтап. А. Қунанбаевтың 150-жыллық мерексине. // Достық үни-1996-январь.№3(88).

Мәмбетов К. Қазақ поэзиясының жарқын жулдызы: Бүгин Нөкисте қазақтың уллы шайыры Абайдың 150-жыллық мерекеси кеңнен нышанланды. // Еркин Қарақалпақстан-1995-15-июль. №111-112.

Уллы қазақ шайыры ҳәм ойшылы Абай Қунанбаевтың дөретиўшилик мийрасын кеңнен үйрениў ҳәм үгит-нәсиятлаў ҳаққында. // Қаракалпак эдебияты. 2018-жыл-март. №3.

Ташметов А. Абай оламига очилган йўл. // Китоб дунёси-2018 йил-28 март №6

Қунанбаев Абай. Куклам. Шъерлар. Таржим. М. Мирзо, Уйғун, Миртемир. // Қарақалпақ әдебияты.2018-жыл-март. №3.

Қунонбаев Абай. Мен ҳақимда сўйласанг, ростин сўйла. Тарж. М. Мирзо; Миртемир. // Китоб дунёси-2018 йил -28 март №6

Қолланбаны жазған: М. Атағуллаева
Редакторлаған: В. Танирбергенова